

Legliz de Dye Sion Asamble

Ekstrè de fwa

Entwodiksyon

Legliz de Dye Sion Asanble se yon ansanm de kwayan ki ranpli ak sentespri, ki ini yo avèk Bondye o mwayen de yon alyans pou yo kapab aksepte e pou yo obeyi ansèyman Jezikris yo ak Apot li yo (Ex 19:3-6; Jn 14:6,8,14; Travay 2:42; Ef 5:24-32) Angajman sa a se yon angajman fèm ou serye, menm nan tan apostazi sa a nap viv ladan an kote anpil moun ap abandone la fwa (2 Tes 2:12; 1Ti 4:1-3; 2 Pyè 2; 3:1-12; Jid 3-19). Pastè yo ak manb Sion Asanble pran angajman pou yo viv e adore ansanm nan fwa sent sa a "mache nan la verite, efòse yo pou yo ka kenbe linite de Lespri nan la pè e kiltive antre yo lanmou e sentete. Yap chache pèfeksyon Jesikri yo nan jan yap viv yonn ak lòt e pa gras ak pouvwa li, yo kapab rive sanble ak li. Women 8:29 kolosyen 1:1-17; 1Jan 3:2) Anplis de dispozisyon sa a ke yo pran pou yo kiltive lanmou yonn pou lòt e pran swen kay Bondye a, Pastè yo ak manm Sion Asanble pran angajman pou yo travay ansanm jiskaske nou kapab "Metè yon sèl lide nan tèt nou", "gen yon sèl pawòl" mache nan menm règ la" (Ez52:8; 1ko1:10; Filipyen 3:16). Nan fason sa a, yap chache akonpli ou pratike vizyon apot yo "jouk nou tout rive ini nou nan lafwa ak konesans pitit Bondye a. Li fè sa konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans pitit Bondye a. Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman kris la ki bon nèt. (Ef4:13) Legliz Sion Asanble pran angajman pou pibliye e proklame levanjil la a tout moun nan obeyisans komisyon ke kris la te bay legliz la (Mt 28:19).

Pou vin manm Legliz la

Legliz De Dye Sion Asanble dispoze pou li resevwa kòm manb tout kwayan ki gen yon temwayaj klè pa fri ke nouvèl nesans la bay e ki dispoze fè yon alyans ak Kris e Legliz la pou yo mache nan limyè levanjil la kandida yo vin devni manb Legliz la pa obligasyon solanèl sa a "Eske ou pwomèt sensèman nan prezans Bondye ak temwen sa yo ke ou aksepte Bib sa a kòm pawòl Bondye, kwè e pwatike korèkteman ansèyman ki ladan li yo e ki divize, avèk Nouvo Tèstaman an kòm règ fwa, pratik, gouvènman e disiplin ou pou ou mache nan linite tankou yon kò nan limyè levanjil selon konesans e kapasite ou"? Kòm repons alyans sa a kandida a ap reponn "Map fè sa ak gras Bondye". Lè sa a Pastè a ap mete ou poze menl sou nouvo manb la e lap fè yon priyè pou li mande direksyon divin ak fòs pou nouvo manm nan. Apre sa, asanble a ap souete byenvini a nouvo manb sa a pandan ke yap lonje men dwat yo bay li.

Ansèyman enpòtan nou ke trouve nan Bib la.

Nòt: Deklarasyon sa yo a se pa pou nou fòme yon kredo ou ankò se pa sou yo sèlman ke Legliz la fonde. Se sèlman yon seleksyon de kèk ansèyman enpòtan epi fondamantal ak prensip ke nou trouve nan pawòl Bondye eki fòme yon pati esansyèl nan regleman e fwa Legliz la.

La Trinite: La Bib anseye ke gen yon sèl Vrè Dye ki egziste an twa(3) pèsòn:

Se papa a, pitit la ak sentespri a. Twa peson sa yo gen idantite diferan yon de lot e fòm an menm tan yon divinite ki paka divize paske yo gen menm nati (Wo 5:5; 15:16-30; 2 Kor 1:20; 5:19; Jn 3:5; Ef 2:18; Tit 3:5). Papa a se Bondye (Ef 4:6); Pitit la se Bondye (Jn 1:1-3, 10:1); Ebre 1:8; Ap 1:8); Sentespri a se Bondye (Jn 14:17; 16:13; Trav 5:3; 1 Kor 2:10), sepandan pa genyen 3 Dye pou sa men yon sel Dye (Det 6:4). Twa pesonn sa yo a ki fòm trinite divin nan travay ansanm nan yon inite pafèt pou yo sove limanite (lom). (Jn 3:5; 6:44; 14:6; 16:17; 2 Kor 5:19).

Jezikri: Jezikri se "imaj Bondye invisib la" (kol 1:15), li se sel pitit ke Bondye genyen (Jn 3:16). A trave de limenm, Bondye devni yon moun jistifye nan lespr. Men Etyen, anba pouvwa sentespri, leve je li anle, li gade syel la. li we tout bel pouvwa Bondye a ansanm ak Jezi kanpe sou bo dwat Bondye. (Trav 7:55; 1 Ti 3:16) se selman pa li menm ke yon moun ka rive jwenn papa a. Se a travè sakrifis lanmò li sou la kwa ke nou rive sove. "Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou. (Trav 4:12). Li san tach "ti mouton Bondye a ki retire peche lemonm" (Jn 1:29). Li se tèt Legliz la e sovè kò a tou (Ef 5:23).

Bib la: Ni ansyen kontra a ni Nouvo kontra yo tou le de revele ki lès Bondye ye e se ki volonte li pou lòm. Tout pawòl ki nan Bib la se pawòl ki enspire ki vre ki pa ka chanje (2 Ti 3:14-16; 2 Pye 1:16-21). Verite ke nou twouve nan Bib se revelasyon ki bay pa pwofesi, tip, presèp, egzanp e ki eklèsi pa pouvwa sentespri a. Ansèyman ki nan Bib la, espesyalman Nouvo testaman se règ final de fwa, pratik, gouvènman e disiplin Legliz la (Travay 2:42; 2 Pi 3:1-2). Mache nan limyè pawòl la se prensip e konpwomi ou angajman Legliz de Dye Sion Asanble". Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m'ap mete pye m, se yon limyè k'ap klere chemen mwen.

Som 119:105

Legliz la: Legliz la se yon kò vizib ki fòm de kwayan e ki enkòpore pa yon alyans avèk Bondye pou obeye kòmandman li yo (Ex 19:5-8; 24:3-8; Sòm 119:57; Jan 14:15; 17:6, 8, 14; 1 Pye 2:9). Legliz la genyen ou ankò dirije pa yon gouvènman teokratik selon fòm li e fonksyon li, li òdone e dirije a travè Lesentespri e pawòl Bondye. (Es 2:2-4; 9:7; Mt 18:15-20; 1 Kor 12:28). Legliz la aktyèlman pa pafè, li tache avèk moun ki soti nan gras la e pi fo kwayan (1 Kor 5; Ga 2:4; Jid 4)

pousa, Legliz la konsidere kòm denye dominasyon espirityel kwayan ki fèt de nouvo nan wayòm Bondye a (Jn 3:3-8; Rom 14:17; kol 1:13). Yon moun fèt nan wayòm nan e li ajoute nan Legliz la (Jan 3:3-8; travay 2:47). Legliz la gen pou devwa proklame levanjil a tout moun. (Mt 24:14; 28:18-20; Mr 16:15-16)

li va pèfeksyone avèk lavman dlo pa la pawòl" e li va prezante devan kris yon fason gloriez nan sentete (Ef 5:26-27). Asamblea General la se tribinal ki gen pi gran otorite nan legliz la pou entèpretasyon ekriti yo (Travay 15; 16:4-5). Objektif asamble general la se pwomouvwa linite ak konfratènite pami sen yo, etidye ekriti yo (Pawòl la) pou eliminyasyon e konpreansyon adisyonèl e pou rezoud diferant entèpretasyon ki konn vle divize Pastè e Legliz yo. Tout bagay ki gen pou wè avèk fwa, gouvènman e disiplin dwe diskite devan kò

a toutantye lè yo reyini e rezoud tout diferans nan yon akò avèk apwobasyon Lesentespri "Pou Sentespri a ak pou nou menm..."(Trav15:12;22-28).Tout manb mal(gason)de bon repitasyon gen dwa pou pale nan asamble a.Medam yo jwe yon wòl ki enpotan nan la vi e ministè Legliz la.Sepandan nan sa ki gen pou wè avèk otorite nan Legliz la,medanm yo ka bay opinyon yo a travè de mari yo e ansyen yo nan Legliz la(1kor11:3;7-9;14:34-36;1Tim2:12;3:1-17).

Lòm: Lòm diferan nan tout kreyasyon Bondye a.Se sèlman lòm ke Bondye fè pòtrè ak li e ki sanble ak li.(Jenèz 1:27;5:2; Eklezyas 7:29 ; 1Korentyen 11:7;Efezyen 4:24),sa fè ke lòm nan jwi de yon relasyon espesyal ak Bondye .Nati lòm nan konpoze de 3 eleman kise nanm, lespri ak kò a.(Jòb 32:8; Eklezyas 12:7 ;Matye 10:28 ;1 Korentyen 15:45 ; 1 Tesalonisyen 5:23; Ebre 4:12) byen ke nanm nan ak lespri a pafwa vle di menm bagay (Kompare Ebre 4:12 ak Jan 12:27 e 12:21).Pami tout kreyati Bondye sou latè se sèlman lòm ki konsyan ke gen Bondye e se sèlman li ki gen yon nanm ki pap mouri (Jenèz 2:7;1 Korentyen 15:45).Sa vle di ke lòm nan gen yon desten etènèl swa nan syèl la ou swa nan lanfè,ak yon vi etènèl ou lanmò e kondanasyon etènèl (Women 6:23 ;Apokalips 20:4-6 ;21:7-8).Se Bondye ki te pran desizyon pou kreye lòm nan yon sèl jou;sa vle di ke se pa evolisyone ke li evolisyone, se pa pa aksidan lòm nan egziste non plis.Bondye kreye lòm diferan de tout lòt kreyati yo epi li bay lòm otorite sou yo tout,menm sou bèt yo (Jenèz 1:26,28).Se sa ki fè Salmis di "Map fè lwanj ou,paske ou pa manke fè bèl bagay.(Sòm 139:14) e se sa ki fè ke li mande "Kisa lèzòm ye pou ou chonje yo konsa ? "(Sòm 8:3,4).Bondye kreye lèzòm gason ak fi (Jenez 1:27; 2:18 ,21-25) pou yo kapab ini ansanm anba yon alyans tankou madanm ak mari (2:21-25 ; Mak 10:6-9) pou yo fè pitit,anpil anpil pitit mete yo sou tè a (v 28; 9:1) pou yo fè kè lòt kontan ,pou kenbe lòt konpanyen (Pwovèb 18:22;Eklezyas 9:9 ;Efezyen 5:22-25 ;28-31, 1 Pyè 3:7).Me lòd Bondye bay pou moun kap pratike fònikasyon (sa vle di moun ki rantre nan relasyon seksyèl anvan yo marye,gason kap kouche ak gason,fi kap kouche ak fi,moun kap kouche ak fanmiy yo ,moun kap kouche ak bèt ,moun ki marye kap kouche ak lòt moun ki pa madanm ou mari yo,moun ki marye epi ki divòse e remarye pandan ke premye madanm ou premye mari yo vivan) tout sa yo se peche yo ye devan Bondye e se bagay ki kontrè a plan ke Bondye gen pou lèzòm (Malachi 2:14-16; Mak 10:7-12 ;Lik 16:18 ;Women 7:2,3 ; 1 Korentyen 7:10,11,39).Rèponsablite moral la se yon bagay ke Bondye mete nan lòm nan depi lè li fèt pou li konnen sa ki bon ak sa ki mal(Travay 17:28-30; Women 1:19,20; Jan 1:9).Nan rèponsablite moral la nou wè ke Bondye bay lòm sa ki rele konsyans epi libète ki vle di dwa pou yo chwazi obeyi ou swa dezobeyi volonte Bondye (Jozye 24:15-25 ; 1 Wa 18:21 ;Ezekyèl 20:39 ;Lik 13:35 ;Jan 3:36 ;Revelasyon 22:17).

Lè Bondye te fè lòm li te fè l sen,nan pòtrè moral Bondye (Jenèz 1:27,31 ; 5:1,2).Men dezobeyisans li nan jaden Edèn lage l nan peche e tout sak pa bon.Li sèvi ak libète Bondye ba li a pou l dezobeyi Bondye.Lòm chwazi obeyi vwa Satan pou li dezobeyi Bondye.E paske lòm nan se yon race ki diferan de zanj yo ,peche li a afekte tout moun nèt (Jenèz 3:6; Women 5:12 ; 1 Korentyen 15:21).E konnyè a se sèlman sakrifis Jezikri a ki ka pèmèt lòm rekonsilye ak Bondye epi rive gen lavi ki pap janm fini an (Women 5:15-19).Jezu se dezyèm Adan an (1 Korentyen 15:22,45).La bib rele l pitit lòm nan e pitit Bondye a tou (Matye 12:8 ; 16:13 ; Lik 1:35 ; Jan 1:14 ; Kolosyen 1:15,19 ; Ebre 1:8

;Revelasyon 1:8).Nan Jezikri nou wè ke Bondye avèk lòm abite ansanm (Jan 1:1-3,14; Filipyen 2:5-8).Premye Adan an te tonbe nan peche men dezyèm Adan an pote la viktwa sou peche (2 Korentyen 5:21; Ebre 4:15)pou li ka pèmèt tout moun ki kwè nan pote viktwa sou peche a epi resevwa la vi ki pap janm fini an (Ezayi 53:4-9 ; 2 Korentyen 2:14 ; 1 Pyè 2:21-24).Nenpòt moun ki kwè ,ki repanti e ki fèt yon lòt fwa ap gen lavi ki pap janm fini an (Jan 3:3-8,16 ;10:28).Jezi se sèl moun ki te mennen yon vi pafè sou latè sa fè ke nenpòt moun kap swiv li kò m Sovè e Seyè li ka rive mennen yon vi pafè tou (Ebre 2:11 ;10:10,14 ; 13:12).

Peche a :Peche se yon move bagay ki reyèl e ki klè.Li kòmanse depi nan syèl la avèk Satan (Ezayi 14:12-14 ;Jan 8:42 ; 1 Jan 3:8 ;Revelasyon 12:7-9) epi avèk lòm nan jaden Edenn nan,lè Adan te rebele e te dezobeyi Bondye e manje nan fri ke li te di l pa manje a (Jenèz 3:6,17).Donk,peche a rebelyon volontè kont la lwa Bondye (Egzòd 35:19 ; Sòm 51:3 ;Ebre 4:7 ;10:26 ; 13:18 ; 2 Pyè 3:5).Nou ka defini peche a tankou se yon dezòd(Women 3:20 ;4:15 ;5:13 ;Galat 3:19 ;1 Timote 1:9) nou ka defini peche a tou tankou vyolasyon (Sòm 119:158 ;Efezyen 2:1 ; 1 Jan 3:4),nou ka defini li tankou dezobeyisans (Women 8:7 ;Tit 1:16 ; 3:3 ; 1 Timote 1:9 ; 1 Pyè 2:7-8) nou ka defini li tankou rebelyon (Sòm 78:8 ;Lamantasyon 1:18 ;3:14 ; Danyèl 9:5).

Nou ka defini peche a tou tankou enkredilite ou byen tèt di (Jan 3:18 ; Tit 1:15 ; 1 Jan 2:22-24 ;Revelasyon 21:8).Kontrèman a zanj yo,lòm nan se yon ras,sa fè ke premye nonm nan ki se Adan te peche e peche li a afèkte tout ras la sa vle di tout moun ki vini apre li menm (Women 5:12).Sa fè ke tout moun ki fèt fèt ak tout san peche nan yo e gen dezi pou fè peche (Women 51:5 ; 58:3 ;Efezyen 2:3 ; 1 Jan 1 :8).Pa gen moun ki epanye,menm Mari manman Jezi pa epanye paske la bib di "Tout moun fè peche e yo tout vire do bay Bondye "Women 3:23 .Peche a se yon bagay ki egziste sou de(2) fòm :Nan nati rebèl lòm nan (Women 6:6 ; Efezyen 2:3) epi nan aksyon lòm nan (Efezyen 2:1 ;Kolosyen 2:13).Peche a pran nesans nan kè lòm nan epi li devlope nan panse li (1 Jean 3:15), nan pawò l li (Matye 5:22) ,nan aksyon li (Women 1:32).Lanmò ak kondanasyon etènèl se pinisyon ke Bondye rezève pou moun kap viv nan peche (Women 6:23).Bòn nouvèl la se ke san Jezi ki te koule a,lanmò li sou la kwa, rezireksyon li bay remèd pou sa ki rele peche a(Women 5:15-19 ; Ebre 9 :22).Pa gras e lafwa nou nan Jezikri,peche nou yo jwenn padon ,moun nou te ye ayè a mouri.A travè de sa ki rele jistifikasyon an,peche nou yo padone e lave (Women 3:28-30 ; 5:1 ;Efezyen 2:5 ; 13-18),a travè de sa ki rele sanktifikasyon an,nati peche nou te genyen nan kè nou an derasinen (Women 6:6 ;Galat 2:20 ;5 :24 ;6:14 ; Kolosyen 3:3-10).Moun ki kwè a sanktifye e vin lib de peche (Jan 8:36).

Egzijans kò a:Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se imoralite, malpwòpte ak vis.Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil. Yonn anvye sò lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè (Galasi 5:19-21).Apot Pol pale de twa (3) kategori general egzijans kò a bay:

1-Peche ki gen pou wè ak dezòd lachè tankou :Adiltri,fonikasyon ,imoralite ,enfidelite tout sa yo se peche ke yon moun ka fè avan oubyen apre li fin marye.

2-Peche ki gen pou wè ak sevi dyab ,a travè de fo religion tankou: Sevi zidòl ,fè maji ,limen chandèl ,li zetwal ,rele move lespri, pratike vodou, pratike mason lòj.

3-Peche ki soti nan move lespri e lespri malveyan tankou : rayi moun ,fè lenmi ,fè kolè ,fè zen , fè jalouzi , tiye moun ,fè diskisyon ,fè divizyon ,fo anseyman ,sediksyon ,move lanvi ,bwè gwòg ,fè ti pil gwo pil, fè kont.Lis sa a ke Apot Pol fè nan Galasi 5 la pa yon lis peche ki konplè paske gen plis egzijans kò a toujou ki pa fasil pou wè yo tankou krizè ,renmen lajan ,vole bagay ki pa pou ou ,fè manti ,pale mal moun ,kritike moun ,taye zèb anba pye moun.Apot la ajoute a lis la "ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè".Rezon ki fè li atire atansyon Legliz la sou peche sa yo se pou nou ka konsyans de yo epi pran pozisyon kont yo avèk èd Bondye nan Jezikri.Lalwa ,pratik religion pa ka libere nou de egzijans sa yo ,se sèlman Sentespri a ak pawòl Bondye a ki ka libere nou de egzijans sa yo ke kò a bay nou(vv. 16-18,24; 1 Tesalonisyen 5:23 ;2 Tesalonisyen 2:13).Remèd pou tout bagay sa yo pa lòt kote ke nan pouvwa ki gen nan Jezi pou netwaye nou ke nou resevwa pa la fwa a travè Sentespri a.Donk moun nou te ye ayè dwe mouri pou nou kapab libere e pote viktwa sou peche a(Jan 8:36 ; Women 6:6 ; 8:1-6 ; Galasi 2:20 ; 5:24 ; 6:14 ; Efezyen 4:22-24 ;Kolosyen 2:11, 12).An plis ansyen moun nou te ye a rete mouri se lè nou mennen yon vi de konsekrasyon chak jou e lè nou mache selon Lesentespri e selon pawòl Bondye a (Galasi 5:16 , 25 ; 2 Timote 2:21-23)

Travay ke la gras fe nan

Konviksyon:Se yon revelasyon ke Lesentespri bay lòm de jijman BonDye kap vini.A travè konviksyon an,nanm ki pa regenere, yo wè yo tankou peche devan BonDye,yo santi yo koupab,yo rekonèt yo separe de li menm ki sen,jis e bon(Es6:1;Jan16:7-15;1kor12:3;Jan8:32;14:6)

Repantans:Se lè nou konfese peche nou yo devan BonDye,nou dispoze pou nou abandone yo,e nou tounen vin jwenn BonDye ak tout kè nou,panse nou,nanm nou ak fòs nou.Vrè repantans lan rive fèt lè moun nan gen tristès ki soti nan BonDye(2 kor 7:9-10).Repantans la pote ou bay fri "diy de repantans ' (Mt 3:8;Ro 6:2).Aprè kè yon moun fin repanti,li dwe batize nan dlo(Mr1:4-5,15;Lik13:3;Trav3:19; 5:30-31;1 Jn1:Repantans la se yon eksperyans ke yon moun fè avan li jistifye.

Jistifikasyon :Yon moun jistifye se lè ke ou pa koupab de ofans envè Bondye.Sa rive posib sèlman a travè de san Jezi ki te vèse pou nou.Sa se travay ke Bondye fè pou padonen peche nou menm ki te merite lanmò.Jistifikasyon an se rezilta repantans la ak la fwa (Women 8:1-2; 3:23-26; 1jan 1:7).Moun ki vrèman jistifye a genyen "lapè ak Bondye a travè de Jezikris seyè nou"Women 5:1-2.Jistifikasyon an vle di inosan a travè nouèl nesans la.

Rejenerasyon:Se travay ke Bondye fè pou l kreye yon nouèl vi nan kè kwayan an a travè Lesentespri.Se yon travay ki fèt rapid.Lòm ki mouri nan peche e transgresyon a travè de Adan kabap viv ou rejenere sèlman a travè de lafwa nan Jezikris e sakrifis li te fè pou peche nou.(Ef 2:1,4-5;Kol 2:13-14;Jan 5:24).Rejenerasyon an se menm bagay avèk nouèl nesans la.

Fèt de nouvo:Se yon lòt ekspresyon ke yo itilize pou pale de nouvel nesans.Rezilta sa se yon nouvel kreasyon,landan l kwayan an vin devni pitit Bondye.Se a travè de nouvel nesans sa a ke yon moun vin fè pati de wayòm Bondye a.Jezi di:"fòk ou fèt de nouvo"(Jan 3:3-8;1 Pyè 1:23).Nouvel nesans la se yon kondisyon ki dwe ranpli anvan yon moun kapab fè eksperyans santifikasyon an.

Fri Sentespri a soti nan Bondye.Se Bondye ki mete lavi li nan kè kwayan ki rejenere a.Fri Lespri an bay se lanmou,lajwa,lapè,pasyans,Men lespri BonDye a bay renmen,kè kontan,kè poze,pasyans,bon kè,seryozite,li fè ou gen bo manyè.Li fè ou aji ak dousè,li fè ou konn kontrole kò ou.Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan bagay sa yo.(Gal 5:22-23).Pawòl Bondye a egzòte nou pou nou mache nan Lespri e nou pa dwe satisfè dezi lachè yo.(Gal 5:16;Ef 5:9;Filipiens 1:11).

Gerizon divin:Se yon bagay ki posib nan lavi tout moun ki resevwa padon Bondye.Sakrifis Jezi sou lakwa pote gerizon pou lòm nan (lespri li nanm li epi kò li).Gerizon divin nan se yon bagay ki fèt pa la fwa san èd la medsin ou swa yon operasyon chirijikal.Menm nan ka kote yon moun rive geri a travè de la medsin,fèy bwa elatrye la ankò li dwe loue non Bondye.paske se Bondye ki geri nan nempòt ka."Wi kite m di Senyè a mèsì.Mwen pa dwe janm bliye tout byen li fè pou mwen,li padonen tout peche m yo,li geri tout maladi m yo"(Sòm 103:2-3;Ezai 53:4-5;Mt 8:17; 2P y è2:24;Jak 5:1 4-16).

Gras ke nou resevwa

Sanktifikasyon nan:Se dezyèm travay ke gras la fè nan kè moun ki rejenere pa la fwa a.Nan santifikasyon an nati chanèl la derasinen("ansyen lòm nan ")pou ke kwayan pa gen dezi peche ankò.Nan sanktifikasyon an dezi pou nou fè peche a elimine .(ebre 10:10;13:12-13;women 6:1-6; 1 Tes 4:3;2 Tes 2:13;1 Pyè 1:2).Sanktifikasyon an bay kwayan kapasite pou li soumèt kò li a Jezikri,pou l viv yon vi ki dwat avèk lespri de sentete e an akò avèk Pawòl Bondye a.Sanktifikasyon an se yon kondisyon ki dwe ranpli pou ke yon moun ka resevwa batèm sentespri a.

Pèfeksyon kretyèn lan:Pèfeksyon kretyèn nan se apèl ak bi levanjil la (Matye 5:48 ; Jan 8:36 ; 2 Korentyen 13:11 ; Kolosyen 1:22 Ebre 6:1 ; Jak 1: 4 ;Jid 24.Redanmsyon vini anvan pirifikasyon e pèfeksyon an e nou dwe resevwa gras la nan monn sa a (Tit 2:11-14).Jezi bay vi li ,li vèsè san li pou l rann moun ki kwè nan li yo pafè nan li (Ebre 10:1, 14 ; 13: 21) endividyèlman e kolektivman nan Kris la (Matye 5:48 ;Jan 17 :20-23 ; 2 Korentyen 13:9 ; Kolosyen 1:28 ; Efezyen 1:10 ; 2:14-22 ; 4:11-16 ; 5:27 ; Revelasyon 19:7, 8).Donk ,bèl eksperyans sa a rele "Pèfeksyon kretyèn "ke nou resevwa nan Jezikri a travè Sentespri a.Sa fè ke gras pèfeksyon an pote glwa pou Bondye e pou lòm.

Li enpòtan pou nou konprann ke pèfeksyon kretyèn nan pa vle di yon pèfeksyon absolli pou sa,paske se sèlman Bondye ki pafè absoliman (Egzòd 9:14 ; 1 Samyèl 2:2 ; 1 kwonik 12:20; Jòb 11:7 ; Mak 10:18).Se sa ki fè ke pèfeksyon kretyèn nan defini e eksplike sou fòm etik e non sou fòm lalwa sa vle di ke pèfeksyon kretyèn nan se yon eta de gras ke moun ki kwè a resevwa a travè de yon relasyon pafè avèk Bondye.Yon relasyon ki chita

sou lanmou ki soti nan Bondye a(Matye 5:44-48 ; 1 Korentyen 13:1- 13; 1 Jan 2:5 ; 4:12,17).

Lanmou se chemen ki mennen nou nan pèfeksyon (Kolosyen 3:14).Pèfeksyon kretyèn nan se yon bagay ki chita sou renmen e ki devlope nan kè moun ki kwè pa Sentespri a (1 Kwonik 28:9 ; 2 Kwonik 15:17 ; 16: 9 ; 19: 9 ; Women 5: 5 ;Ebre 10:22).Se sa ki fè ke yon kwayan ka malad nan sèvo li ,li ka bliye fasil, li ka santi li tris , li ka malad nan kò li,li ka konnen moman vrèman difisil san ke sa pa vle di ke li nan peche pou sa ni nan kontradiksyon ak Bondye pou sa (Women 8:33 ; Efezyen 4:26 ; Ebre 10:26).Kondisyon lòm nan pa diminye relasyon kretyen an ni ak Bondye ni ak pwochen li.An plis gen kwasans nan sanktifikasyon e nan pèfeksyon .Moun ki kwè a transfòme chak fwa e li vin pi sanble ak Bondye "De glwa an glwa "(2 Korentyen 3:18).Kwayan ki sanktifye a dwe rete nan pèfeksyon sen sa a ak nan krentif pou Bondye "(2 Korentyen 7:1).E bòn nouvell la se ke "Nou konnen lè Kris la va parèt ,nou pral tounen tankou l..." (1 Jan 3:2)

Pèseverans: Pèseverans la se yon prèv de gras ke kretyen an resevwa pou l viv nan obeyisans a bòn nouvell Kris la,malgre tout opozisyon e difikilte ki ka pwezante devan li (2 Timote 2:3-4).Byenke mo Pèseverans la itilize yon sèl fwa nan kèk tradiksyon la bib (pa egzanz nan Efezyen 6:18 nan vèsyon Reina Valera),genyen anpil lòt mo ki relasyon avèk mo sa a: Viv (Jan 15: 4-5,7-9), rete (Matye 10:22),kontinye (Jan 8:31-32),kenbe fèm (Ebre 3:14 ,1 Pyè 5:8-9, 2 Pyè 3:17), pasyans (Lik 21:19),pote viktwa (Revelasyon 2:7, 17 ,26; 3:5 ;12, 21:7).Nan chak referans sa yo,mo yo endike yon batay nan lafwa pou disip Kris la.Se sa ki fè ke pèseverans la pa yon aksyon Bondye anvè kwayan an men aksyon kwayan kòm repons ak sa Kris mande pou l fè e pou l rete nan pawòl li e nan gras li.Lè nou konsidere mo Pèseverans la ,nou poze de(2) kesyon: 1)Se ki wòl bondye ? 2) Se ki wòl lòm nan ? nan Filipyen 2:13 la bib di"Se bondye ki bay nou anvi pou nou fè sa ki fè l plezi ansanm ak fòs pou nou fè l vre".Kounyeya se kòman travay sa a rive fèt nan lavi nou ? Sa rive fèt pa gras Bondye.Pol anseye ke se pa gras ke nou rive sove (Efezyen 2:8-9) e nan yon lòt tèks li di ke se menm gras sa a ki fè nou kite tout peche ak egzijans lemond pou nou viv yon jan ki fè Bondye plezi nan mond sa a epi chache bèl esperans e manifèstasyon Sove e Segnè Jezikri nou an (Tit 2:11-13).An plis gras Bondye a gen pouvwa pou kenbe nou fèm nan Bondye e avèk yon gran joua(Jid 24).Li enpòtan pou nou konprann ke pou ke lòm kapab sove li dwe gen lafwa epi aksepte gras ke Bondye ofri a (Women 10:9-10).Se apre sa a lòm nan komanse mache ak Bondye ,menm jan ke lòm nan aproche bò kote Bondye a se konsa tou li dwe chache Bondye pa gras (Matye 7:7-8).Pèseverans lòm nan depann de dezi li genyen pou l kontinye mache ak Segnè a (Jan 8:31 ; Kolosyen 1).Nou ka konprann sa a travè mo "Sozo" ki vle di "Sove ".Mo sa a prezante nan twa (3) tan: "Mwen te sove" "Mwen sove " "Mwen va sove".Donk lòm nan dwe dispoze l pou l kontinye chache wayòm Bondye a e pèsevere nenpòt jan sa ye (Lik 9:23) pou li kapab fin sove nèt (Lik 9:23 ; 16:16).Lòd pou nou pèsevere ,rete ,viv nan Kris la genyen konsekans kap dire pou toutan.Genyen lavi ki pap janm fini an depann de desizyon kretyen an pou l kontinye chache favè Bondye a e pou l mache nan obeyisans pawòl li.Nou dwe dispoze e nou dwe obeyisan (Ezayi 1:19).E nou dwe "dispoze pou nou viv onètman"(Ebre 13:18).Selon Apot Jan,si yon moun pa rete nan doktrin kris la ,se paske li pa pou Bondye e moun ki pa gen pitit la pa gen lavi nan li (2

Jan 9 ;1 Jan 5:12).Se sa ki fè ke jijman moun ki pa pèsevere a se kondanasyon etènèl la e separasyon avèk Bondye pou tou tan (Matye 25:41-46 ; Ebre 10:26-27).

Sentete a:Se rezilta sanktifikasyon an.Se yon eta de gras e de proprete ki fè nou anvi vin tankou Jezikris(Matye 5:48; 2 korentyen 7:2).Bondye mande se pou nou sen.(Tes 4:7)."....Se pou nou sen paske mwen menm mwen sen"(1 Pyè 1:15-16)."Chache viv ak kè poze ak tout moun.Mennen yon lavi apa pou Bondye.si se pa sa,pa gen moun k' ap wè senyè a."Ebre 12:14;Lik 1:74-75;2 Kor 7:1;Tit 2:11-12;Ef 1:4;4:13,24).Pòl eksprime dezi li "pou l prezante tout moun pafè bay Jezi).Kol 1:28.Jezikri ap retounen vin chache yon Legliz kap viv nan sentete"san tach,ni min,ni bagay sanblab"Ef 5:27;Sòm 45:9-13.

Gras pratik

Restitasyon an:Se remèt yon bagay ke ou te pran enjisteman ou swa satisfè yon moun ke yon fason ou yon lòt ou te ofanse.(Mat 3:8;Lik 19:8-9).Restitasyon an menm pa fè yon moun sove men li bay prèv ke yon kè vrèman repanti.Rèstitasyon glorifye gras bondye epi li ankouraje temwayaj kwayan an.Li bay opòtinite pou nou rekonsilie ak moun ke nou te ofanse.Se akonplisman lwa lanmou an.Women 13:8.Gen kèk rèstitasyon ki dwe fèt ak anpil prekasyon e avèk gid pastè a pou evite plis ofans ak jouman.

Sabbath vle di repo.Obsèvasyon jou repo a nan Ansyen kontra a (septyèm jou a)te bay pou te ka siyale repo espiyèl kwayan nan Jezi a anba nouvo kontra a.Lòd ke nou trouve nan Ansyen Testaman an pou nou gade jou repo a sen an konnyè a ranplase pa kòmandman : "Se pou nou sen " paske nan Jezikris kwayan an gen kapasite e li òdone pou l i viv nan sentete chak jou. Dimanch la pa repo a ,men se jou ke Legliz mete apa pou bay yon atansyon espesyal a adorasyon Bondye e a fratènite sen yo.(Oze 2:11;Kol 2:16-17;women 14:5-6;Ebre 4:1-11).

Manje ak Bwason:Entèdiksyon kont sèten manje e bwason nan Ansyen Tèstaman pa rive nan Legliz Nouvo Testaman an.Aspè seremoni lwa Moiz sa yo te "kloue sou la kwa"de Jezikri e yo te anile avèk alyans lagras la.(Kol 2:13-17;Ef 2:15;Ebre 9:8-11).Sa ke yon moun manje ou bwè(eksepte bwason alkoolize)konnyè a se yon afè de konsyans e sa pa viole nati ak prensip wayòm Bondye a.(women 14:17).Sepandan nou dwe toujou sonje presèp bibliki yo:"Men yon egzanp:Gen moun ki kwe li kapab manje tout bagay.Gen lot ki feb nan konfyans yo epi ki manjelegim ase."Women 14:2;1 Korentyen 8:8;1 Tim 4:1-5).

Dim ak Bay:Dim se bay dizièm pati nan ou resevwa a Jezikri,Souveren sakrifikatè nou.se yon ak vonlontè ki kòmanse avèk abraham ,ki te egzije anba lalwa Moiz la ,ki kontinye pa jezikri kòm yon disiplin pou Legliz Nouvo Testaman an (Mt 23:23).Nou dwe pote dim yo nan kay Bondye a pou yo distribiye kòrèkteman pa minis ki anchaje trezò a (Mal 3:10).Nou dwe ankouraje ofrand volontè yo kòm yon don ki soti nan kè nou. Dim ak bay nan Legliz la fè pati de plan Bondye pou finansye travay li a travè de Legliz la nan lemonn.Pawòl Bondye mande se pou nou kapab byen administre sa Bondye mete sou responsabilite nou.Jenez 14:18-20;Lik 11:42;1 Korentyen 16:2; 2 Korentyen 9: 6-9;Ebre 7:è1-21).

Sèmante ak Pwofane:Sèmante se yon bagay ki kontrè a ansèyman ke nou trouve nan Nouvo testaman an".Anvan tout lot bagay, fre m yo, men sa ki pi enpotan: piga nou fe seman sou syel, ni sou late a, ni sou okenn lot bagay. Le nou di wi, se wi, non, se non. Konsa, nou p'ap tonbe anba jijman BonDye."(Jak 5:12). Jezi di, "Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Pa fe seman menm. Pa fe seman... men le w'ap pale se wi ak non pou ou genyen ase, paske syel la se fotey kote Bondye chita."(Mt 5:34,37; Egz 20:7). Di sa ki verite a sifi; menm nan tribinal yo, yo pa mande ou pou sèmante men pou di sa ki verite e sa sifi. Se menm jan tou, pwofane ou ankò joure montre ke kè yon pa pwòp e bagay sa yo pa gen plas nan lavi yon pitit Bondye.(Mt 15:18-19; Fil 1:27; 3:20; 1 Pyè 1:15; 2 Pyè 2:7; Jak 3:8-10).

Bwason Alkoolize e Dròg:" .Twop bwason fe ou pase moun nan betiz. Twop gwog fe ou pete kabouya, fe lobey. Le ou sou, ou aji tankou moun fou.."(Provèb 20:1). Pawòl Bondye anseye pou nou pa itilize bwason alkoolize e lòt bwason ki ka fè nou mal paske Bondye mande se pou nou ka veve(1 Pyè 5:8; 1 Tes 5:6; 1 Tim 3:2; Tit 2:2). Labib mande pou nou pa "...bay vid a djyab la". Bwè yon fason modere ou bwè sosyalman bay advèsè a vid donk se pou sa ke kretyen dwe evite bagay sa yo totalman.(Ef 4:27; 28:7; 1 koretyen 5:11; 6:10; Gal 5:21). Anpil nan sa yo di de bwason ki fè moun sou se verite tankou dròg yo tou. Itilize dròg tankou tabak, mariwana, opio, kokain, elatriye, fè domaj a kò nou e yo pa an akò ak ansèyman ak prensip Jezikris e Labib. Bagay sa yo kòronpi kò a e yo pa ankò avèk apèl ke nou genyen pou nou veve.(2 Koretyen 7:1; Ez 55:2; 1 Koretyen 10:31-32; Ef 5:3-8; Jak 1:21). Dròg ke yo itilize pou yon remèd dwe itilize sèlman sou direksyon e swen yon medsen epi sèlman ak yon bòn konsyans.

Relasyon Miks:La Bib anseye ke moun ki pitit Bondye pa dwe relasyon I (renmen ou marye, zanmi elatriye) ak moun ki pa kretyen. Relasyon nou ak moun ki pa kretyen nan òganizasyon ak lòd sekrè pa mwayen sèman se yon bagay ki kontrè a ansèyman Jezikri yo e Labib.(1 Koretyen 6:14-17). Antan ke fianse Jezikri nou fè yon kontra avèk li pou nou ka rete fidèl konplètman anvè li."M'ap fe jalouzi pou nou, yon jalouziki soti nan Bondye. Paske, nou tankou yon jenn fi ki pa nan dezod. Mwen fyanse nou ak yon sel gason. Gason sa a se Kris la."(2 koretyen 11:2; Jeremi 50:5). Yon moun ki te fè pati yon òganizasyon kote li te fè sèman dwe divòse ou kite bagay sa yo konplètman anvan li mande pou l vin manm Legliz la."Jezi reponn l: mwen te pale an piblik pou tout moun tande, se nan sinagog yo ak nan tanp lan, kote tout jwif yo sanble; se la mwen toujou montre sa poum m te montre a. mwen pa janm di anyen an kachet.(Jan 18:20).

Batèm di Sentespri ak Don espiyèl yo

Sakreman yo **Batèm Sentespri** a se yon eksperyans rapid ki fèt nan la vi kwayan aprè li fin sanktifye konplètman. Nan batèm sa a, Jezikri se ajan, Sentespri a se eleman(Mt 3:11). Batèm sentespri nan la vi yon moun ki sanktifye akonpanye de pale an lang: yo rete konsa, epi yon sel bri sot nan syel la tankou yon gwo van k'ap souffle. Li plen tout kay kote yo te chita a. Le sa a, yo we yon bann lang paret tankou ti flanm dife ki separe yonn ak lot epi k'al poze grenn pa grenn sou tet yo chak. yo tout te vin anba pouvwa Sentespri, epi yo pran pale lot lang dapre jan lespri Bondye a t'ap fe yo pale.(Travay 2:2-4; 10:44-47; 19:1-6). Batèm Sentespri a se yon batèm de pouvwa espiyèl pou sèvis nan wayòm Bondye

a(Lik 24:49;Jan 15:26;Travay 1:8),pouvwa sa a bay kapasite tou pou yon moun kapab dirije byen nan Legliz yon fason pou kò a ka edifye(1 Kor 12:12-28;Ef 4:11-16).

Pale an lang toujou akonpanye batèm Sentespri a .Nan ka sa a kwayan an pale nan lang enkonni"selon ke Lespri Bondye a pèmèt yo pale"(Travay 2:4)."Lang enkonni" diferan de don ke Sentespri a bay pou pale "divès lang" oswa lang ke lòm konnen(Travay 2:6;1 Kor 12:10;14:2).Antouka("Lang enkonni" o lang ke lòm pale),manifestasyon lang yo(e entèpretasyon) toujou an akò avèk pawòl Bondye(Jan 15:26-27; 1Kor 14:37).Don pou pale an lang la se yon siy pou moun ki pa kwè yo(1 Kor 14:21-23),men an menm tan tou li sèvi pou edifye kwayan an.(v 4).

Don ke Lespri bay:Genyen plizyè don ak operasyon ke Sentespri a bay(1 Kor 12:4-11).Don ke Lestespri bay yo ap travay nan Legliz Nouvo Testaman an,men depi lè ke Legliz la kòmanse tonbe a e byen manifestasyon Sentespri a kòmanse diminye tou.Aprè apostazi ki te genyen nan 4èm syèk la ak nan "Moman nwa" ki swiv istwa kretyèn nan ,manifestasyon don espiritiyèl yo (espesyalman pale an lang la)te preske pa egziste.Nan dènye jou sa yo (espesyalman depi nan kòmansman 20èm syèk),Bondye tounen lage lespri li "sou tout chè"jan profesi a ta di a ,yon fason pou li ka akonpli volonte etènèl li a travè Legliz la.(Joel 2:28-32;3:16-18;Travay 2:38-39).

Siy ki va akonpanye moun ki kwè yo:Siy yo nan Legliz Nouvo Testaman an te genyen kòm objektif prensipal konfime pawòl Bondye a e Jezi kòm Mesi ki te pwomèt la.Lè kwayan yo tap mache preche pawòl la nan non Jezi ,Seyè a te konn travay ak yo e li konfime pawòl la avèk siy yo(Mr 16:15-20).Siy mirakilez yo akonpaye kwayan yo pou konfime pwoklamasyon pawòl Bondye a,pou mete konviksyon nan kè pechè a e pou fòmè kò kris la (1 Kor 12-14).

Batèm nan dlo se lè ou rive plonje nan dlo pa yon minis de Levanjil nan non Papa a,Pitit la ak Sentespri a.Se yon kòmandman ke Jezi te bay e li reprezante lanmò li,antèman li e rezirèksyon li ki se yon eksperyans nan lavi kwayan(Wo 6:3-5).Kòmandman sa a pa gen pouvwa pou lave peche yon moun men lise repons de yon bon konsyans anvè Bondye(1 Pi 3:21).Batèm nan dlo a valab sèlman lè kandida vrèman fèt yon lòt fwa(Mt 28:19;Mr 1:8-10;16:15-16;Jn 3:22-23;Travay 10:47-48; 16:33).Batèm nan dlo a reprezante yon rejenerasyon espiritiyèl;se pa pòt ki pèmèt ou rantre nan Legliz la.

La Sent Sèn nan se yon repa memoryal pou raple nou de sakrifis Jezi te fè pou nou an li menm ki te aksèpte vèsè san l pou lave peche nou yo. Jezi bay lòd pou nou obsève repa sa a"pou nou sonje mwen"(1 Kor 11:24).Pen san leven an ki senbolize kò li ;

diven an ki senbolize san l.Lòd sa a se yon lòd ki sakre ke nou dwe obsève avèk reverans,sèlman aprè yon egzamen de tèt nou(1 Kor 10:16-17;11:23-30).Se demonstrasyon ekstèn alyans Bondye avèk Legliz la(Lik 22:20).

Lavman dè pye se yon lòd nan Legliz la.Li vini aprè enstitisyon Sent Sèn nan ,Jezi mare senti l ak yon sèvyèt,li lave pye yo disip li yo,e li di".Si mwen menm ki senye,mwen menm ki Met,mwen lave pye nou,konsa tou,nou menm,se pou nou yonn lave pye lot."(Jan

13:14).Lòd sa a diferan de koutim ke yo genyen nan Mwayen Orian pou yo lave pye yo;li genyen yon siyifikasyon espiritiyèl e se yon kòmandman ke tout kwayan dwe obsève (1 Timote 5:10).Objektif lavman dè pye a pa rive akonpli a travè de charite ak bon zèv yo.Se pou nou ka sonje ke nou genyen yon Mèt e Seyè ki se tèt Legliz la, e nou tout se sèvitè li e sèvitè yonn lòt.

Bagay sakre nan la vi a

La vi se yon bagay sakre_La vi lòm se yon bagay ki sakre paske li kreye nan imaj Bondye(Jenèz 1:27).Se pou sa ke Labib entèdi ke nou wete lavi yon inosan,avòtman,anfantisid,enatazi,touye yon moun oubyen touye tèt nou)."Pa touye"(Egzòd 20:13).Si yon moun touye yon moun,yon lot moun gen pou touye l tou,paske BonDye kreye moun potre ak li.(Jen 9:6;Resansman 35:30-31;Wo 13:8-10;Apokalips 21:8)

Maryaj la se yon bagay sakre-Jezi reponn yo:Eske nou pa li sa ki ekri nan liv la?Nan komansman,le bondye t'ap fe moun,li te fe yo gason ak fi.Apre sa li di:se poutet sa,gason an va kite papal ak manman l pou l mete li ansanm ak madanm li.yo tou de va fe yon sel ko.konsa ,yo pa de anko,men yo fe yon sel ko.Se poutet sa,peson moun pa gendwa separe sa BonDye mete ansanm ."(Mt 19:4-6).Maryaj la se yon sakreman ki ini yongason ak yon fanm jouk lanmò separe yo(Mk 10:2-12;Wo 7:2);se yon enstitisyon divin ke tout gason e tout fanm dwe onore (Ebre 13:4).Adiltè,fònikasyon, divòs, e remaryaj tout bagay sa yo se koutim peche ki vyole lwa Bondye yo e yo gate fwaye a ak fanmiy lan.Sepandan enfidelite (relasyon seksyèl an deyò maryaj la)pa rezon pou yon moun divòse e remarye" "(Mt 19:9).Se konsa yon moun ki remarye pandan ke premye konpayon li ap viv pa kalifye pou yo resevwa l kòm manb Legliz la(Ex 20:14,17;Mal 2:14-17;Mt 5:32; 1Kor 5:1-5; 6:15-20; 7:2-3).

Kò a se yon bagay ki sakre_Kò nou se tanp Sentespri a e la Bib egzòte nou pou n glorifye Bondye nan kò nou (1 Kor 6:20-21)".Eske nou pa konnen se tanp bonDye a nou ye,se lespri Bondye a ki rete nan ke nou?Enben si yon moun kraze tanp BonDye a,bonDye ap kraze tou.Paske tanp tanp BonDye a se yon bagay ki apa pou li.Se nou menm ki tanp BonDye a."(1 Kor 3:16-17).La Bib egzòte nou tou pou n ofri kò nou kòm yon sakrifis vivan,sen e dou bay Bondye"(Women 12:1) e 'se sa k fe,kit nap manje,kit n'ap bwe,nenpot kisa n'ap fe,fe l pou sa sevi yon lwanj pou BonDye." (1 Kor 10:31b).Imoralite,inyon antre de gason oubyen de fiy,tout relasyon omoseksyèl yo e lesbyèn yo konplètman entèdi pa la Bib.Pratik sa yo a pa fè Bondye plezi memn lè yon eta oubyen yon enstitisyon relijyèz ta sanksyone yo(Wo 1:24-28;Lev 18:22-23;20:10-21).Pratik tankou "pèsè kò" tatouaj,matrete oubyen defigire kò a se babay ki soti nan payen yo e ki kontrè a lespri sentete a e prensip Biblik yo.Pratik sa yo pa dwe genyen plas nan lavi yon kwayan.(Timote 2:8-10 ;Women 12:1-2 ;Ezayi 3:16-22 ;1 Jan 2:15-17).

Eskatoloji

Dezyèm retou pre-milenè kris la__Jezikris ap tounen nan nyaj yo nan syè la ak pouvwa e gran glwa (Mt 24:27-28)."Moun ki te mete konfyans yo nan kris la le yo te

mouri,se yo ki va leve soti vivan an premye.Apre sa,nou menm ki va vivan toujou le sa a,y'ap vin pran nou,nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmo yo."(1 Tesalonisyen 4:16-18; 1 Kor 15:51-52).Tout moun ki monte nan premye rezireksyon an ap patisipe nan maryaj ti mouton an (Ap 19:7-9).Après sa Kris ap retounen sou latè e lap regne ak Sen li yo pou mil lane (Ap 20:4,6 ; Zakari 14:4-5; 1Tes 4:14 ;Jid 14-15; Ap 5:10; 19:11-21).

Rezireksyon--Pral genyen yon rezireksyon pou moun ki mache dwat yo yonn rezireksyon pou mechan yo.Moun ki mache dwat yo ap resisite nan premye aparisyon Kris la nan nyaj yo nan glwa li.Rezireksyon mechan gen pou fèt aprè mil lane rèy Kris la fini sou latè."Mwen gen espwa sa a,epi mwen konnen yo genyen l tou.Yon jou BonDye gen pou fe tout moun,bon kou mechan,leve soti vivan nan lanmo."(TRavay 24:15; Dn 12:2; Ap 20:4-6; Jn 5:28-29; 1 Kor 15:12-23,41-58).

Vi ki pap janm fini pou moun kap dwat yo:Rekonpans moun kap mache dwat yo lavi ki pap janm fini nan prezans Bondye."Aprè sa,l'ap voye yo resevwa chatiman ki pap janm fini an.men,pou moun ki te fe byen yo,y'ap antre nan lavi ki p'ap janm fini an ."(Mt 25:46; Lk 18:29-30; Jan 10:28; Wo 6:22; 1 Jan 5:11-13).

Chatiman etènèl pou mechan yo:Tout moun refize tounen vin jwen Jezi yo kondane pou resevwa chatiman etènèl la(Jan 3:15-21).Nan lanfè pa genyen chape,pa gen sove.Lanfè a se "dezyèm mò a" e se yon kote ki gen soufrans pou tout tan."Men, pou moun ki lach yo,moun ki pa kenbe pawol yo,ansasen yo,bann moun deprave yo,moun k'ap fe maji yo,moun k'ap adore zidol ansanm ak moun k'ap bay manti,plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye.Se sa yo rele dezyem lanmo a."(Ap 21:8; 20:10-15; 2 Tes 1:7-10; Jid 14-15; Mt 25:46;Mr 3:29).

Antikris la: Antikris la vle di "Kont Kris" oubyen " nan plas Kris la" oubyen yon konbinezon de toulede definisyon sa yo.Yon antikris se yon moun ki opoze a Kris oubyen ki vle pran plas Kris la ki vle fè tèt li pase pou Segnè e Sovè a.Pandan ke Apot Jan ap itilize mo "Antikris la " ,Apot Pol ap pale de menm espri e prens sa a lè li pale de " ministè dezòdone" e " mechan an " nan 2 Tesalonisyen 2:3,8 .Jan pale de "fo profèt yo " e "moun kap tronpe moun yo " tankou Antikris (1 Jan 1-3 ; 2 :18 ; 2 Jan 7).Profèt Danyèl pale de menm lespri sa a nan profesli a sou "bèt la" nan Danyèl 7,vizyon sa a se menm vizyon ke Jan fè sou bèt la nan (Revelasyon 11;13;17;19).

Donk nou ka di ke lespri antikris la vle di lespri kap tronpe e sedui nan lemonn,kap chache konfonn vrè idantite kris la epi kòronpi Levanjil la.Antikris la ka pran plizyè fòm :Relijye ,sosyal e politik men tout gen yon sèl e menm objektif ki se kòronpi vrè doktrin nan lavi ki pap janm fini an ke Jezi bay la avèk yon pakèt fo doktrin e pretansyon fo kris (Matye 24:4,5,11,23,24).

Selon laprofesi gen yon moun ki gen pou vini nan dènye jou yo ke lespri antikris yo va itilize l nan monn sa a.Nonm sa se va "pitit mechan an "(2 Tesalonisyen 2:3,8) e " bèt la "(Danyèl 7 :10,11 ,25 ;Revelasyon 13:1).Jezi pale de espri de desepsyon e dezòdone sa a ki mansyone nan Matye 24:5,24 e Jan 5:43. Preokipasyon nou kòm Legliz se pa

aparisyon nonm dezòdone a oubyen bèt la sinon lespri antikris kap travay kounyèya nan lemond, paske sanble ke pitit mechan an pa ka parèt konplètman pazavan Legliz la moute nan syèl (2 Tesalonisyen 2:7,8), se Lespri Bondye a ak Legliz la ki anpeche l parèt konplètman. Legliz Bondye a repoze sou wòch la ki se Jezi pitit Bondye vivan an (Matye 16: 13-18), paske li te vini atravè de Vyèj Mari, li te mouri pou peche nou yo e li te sot vivan nan lanmò pou l te ka sove limanite e rekonsilye l ak Bondye papa nou (Women 5:6-10). Lespri Bondye a viv nan kwayan yo, li prepare yo pou yo viv yon jan ki fè Bondye plezi (Women 8:1-7) pandan ke lespri antikris la opoze a verite Bondye a ki ekri liv lalwa a, Lespri Bondye ap travay nan Kwayan yo pa gras Kris la.

Enfliyans diabolik antikris la nan tout lemond ap travay kont vrè Levanjil la, ap anseye yon pakèt fo Levanjil (Galasi 1:1-9 ; 2 Korentyen 11:3,4). Se yon bann lespri " kap bay manti " ki la pou twonpe moun (2 Tesalonisyen 2:9 ; Revelasyon 13:13,14). Se sa ki fè ke Jan mande kretyen yo pou yo " sonde lespri yo " pou yo eprouve yo, pou yo egzaminen yo avèk verite Kris la e ansèyman ke nou jwenn nan pawòl Bondye a (1 Jan 4:1-3). Lespri antikris ki va agi nan pitit mechan an va detri konplètman avèk puisans e pouvwa pawòl Jezi lè li retounen (2 Tesalonisyen 2:8). Men nan moman sa a kwayan yo gen pouvwa pou reziste epi pote viktwa sou lespri antikris la ki nan lemond, a travè de la fwa, pawòl Bondye a e pouvwa Sentespri a.

Prensip pou lavi kretyèn nan e disiplin pratik la

Nou trouve prensip sa yo yon fason espesyal nan pawòl Bondye e yo montre nou kòman nou pèsevere nan ansèyman biblik yo. Yo la pou ede nou kiltive yon bòrelasyon Kris la epi yonn avèk lòt e pou nou viv yon fason glorifye e onore non Jezikri e pou apiye temwayaj Legliz la. Labib di: "pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou two jenn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwe yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tet ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan wap mennen yon lavi ki dako ak volonte Bondye." (1 Tim 4:12b). Jezi di nou: "Konsa tou, se pou limye nou klere devan tout moun, pou le yo we tout byen n'ap fe yo, y'a fe lwanj Papa nou ki nan syèl la." (Mt 5:1sa 6).

Lapriyè: Egzòtasyon Jezi bay pou nou "Veye e priye" (Mt 26:41a) pa te janm ijan tankou konyè a. Nap viv nan yon moman ki danjere e Jezikri ak Apot yo te avèti nou ke toutotan jou Seyè ap aproche se konsa tan yo ap vin pi mal. Sa vle di ke lapriyè chak jou nan fanmiy lan dwe premye devwa nan chak fwaye Legliz la. Mennen yon vi de priyè se kle reisit chak moun epi tout Legliz lokal la. Jezi te di: "Jezi rakonte yo parabol sa a pou l te montre yo nesosite pou yo toujou lapriye san yo pajanm dekouraje." (Lk 18:1b) e Apot yo ankouraje kretyen yo pou yo " priye san rete" (1 Tes 5:17). La bib òdone nou pou "Priye yonn pou lòt" (Jak 5:16b). Nou priye espesyalman pou moun kap gouvènen yo, pou si la yo kap sou sèvis Seyè a (1 Ti 2:1-3). La priyè se yon bagay ki tèlman enpòtan nan la vi Legliz la ke li rele "Mezon de priyè" (Ez 56:7 ; Mt 21:13).

Etid Biblik: Li ak etidye pawòl Bondye se yon bagay ki endispansab pou bonè (byenèt) espirityèl pou pitit Bondye a. Chak manb Legliz la dwe yon etidyan fidèl nan pawòl Bondye. Apot Pol di nou: "Fe jefo pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye tankou yon

travaye ki pa wont travay li fe, yon travaye ki fe konnen pawol verite bondye a jan I ye a."(2 Ti 2:15a) anplis li di "Tou sa ki ekri nan liv la, se nan Lespri a yo soti. Y'ap sèvi pou montre moun verite a, pou kombat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fot, pou montre yo kijan pou yo viv byen devan Bondye"(2 Tim 3:15-16). Salmis la eksprime enpòtans pawòl bondye yon fason espesyal". Pawol ou se yon chandel ki fem we kote m'ap mete pyem, se yon limye kap klere chemen mwen."(Sòm 119:105,11).

Asistans Legliz la e Adorasyon: Adorasyon e fratènite avèk kwayan yo nan la fwa fè pati lavi kretyen an. Adorasyon an dwe soti nan kè e nan Lespri, e nan amoni avèk pawòl Bondye a (Jan 4:23b; Efezyen 5:19). Chak manb Legliz la fè pati de kò Kris la, se pou sa ki fè ke kò a konn paralize lè yonn nan manm yo Legliz la e patisipe otan ke li posib. Egzòtasyon Ekriven liv Ebre a merite pou nou prete atansyon a li". Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontre, se pou yonn ankouraje lot fe sa, kounyeya pi plis pase anvan, paske nou we jou senye a ap pwoche."(Ebre 10:25).

Timoun yo dwe enstri lakay e se pou paran yo anseye yo pa prensip ak egzanp pou yo rèspekte kay Bondye a. Lidè yo avèk fanmiy yo dwe sèvi egzanp nan fason yap viv e nan konvèsasyon yo." Pret yo va montre pep mwen an diferans ki genyen ant sa yo mete apa pou sevis mwen ak sa yo pa mete apa pou sevis mwen, ant sa ki nan kondisyon pou fe sevis pou mwen ak sa ki pa nan kondisyon pou fe sevis pou mwen."(Ez 44:23a).

Yon vi de priyè kreye yon anvi pou adorasyon epi etid pawòl Bondye a. Se pou sa ki fè ke kretyen dwe ap priye pandan ke mesaj ap preche, se yon fason pou ke Satan pa vin vole pawòl la nan kè yo. (Mak 4:4,15)

Lanmou Bondye mete nan kè nou a travè Lesentespri a dwe pouse nou a sèvi Bondye ak tout kè nou. Lanmou an dwe gouvènen chak aksyon ke nap fè e nou dwe manifèste li a tout moun san eksepsyon. (1 Kor 13). Nou dwe pran swen pou nou montre vizitè yo amou ke nou gen pou yo. Jezi di": si nou yonn renmen lot, le sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye."(Jan 13:35)

Jan pou n mennen tèt nou: Pitit Bondye yo dwe "Se sa ki fè konnen ki jan pou n mennen tèt nou, pa mennen tèt tankou moun ki sòt, men tankou moun ki gen konprann, pa kite okenn okazyon pase pou fè sa ki byen, paske jou sa yo nap viv la a pa bon menm"(Efezyen 5:15-16). Nou dwe mennen yon vi ki konsakre ni Lakay nou ni nan lari, yon fason pou nou pa bay kote pou yon moun panse o pran nou pou ipokrit. Fason ke nap viv e pale dwe sen nan pawòl, nan aksyon, jan li bon pou yon pitit Bondye viv. Antan ke reprezantan Jezikri nan lemonn e manm Legliz Bondye a, nou dwe mache yon jan ki konfòm ak bòn nouvèl Kris la... (Sòm 1:1-3; Filipyen 1:27; 1 Tes 5:15-23).

Jwèt ak aktivite monden: Kretyen an pa dwe janm patisipe nan aktivite ni jwèt monden kote ke prensib sentete li yo kapab angaje. Kretyen yo dwe patisipe nan aktivite avèk payen sèlman avèk yon dispozisyon pridan kote yo pap pran nan pyèj Satan". Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lenmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l devore."(1 Pyè 5:8; 2 Pyè 2:19-22).

Relasyon Ilisit ou dezòdone:Fòmè yon relasyon entim avèk yon sèks opoze menm si se yon frè oubyen yon sè nan Lesechè kreye yon espas pou tantasyon e li bay opòtinite a riz Dyab la.Samson se yon ka byen kle de konpòtman san sajes sa a e sa te fè li pèdi gras la.(Jij 16).Sepandan nou wè ke Jozèf te kouri pou yon relasyon parèy(Jenèz 39).Sanble Pol tap panse a Jozèf lè li te di"Kouri pou fònikasyon"(1 Kor 6:18).Pawòl Jak yo,frè Seyè a di":Konsa, move dezi a travay nan ke li,li fe l fe peche.Le peche a fin fet,li bay lanmo ."(Jak 1:15).Se pou sa,nou dwe evite asosyon e sityasyon ki kapab afekte karaktè nou e ki kapab pote reproche pou Seyè a e Legliz la.

Bijou Eksteryè:Kreyen yo se ambasadè(reprezante) Jezikris nan mond sa a (2 Kor 5:20).Se sa ki fè ke yo dwe pran swen pou yo abiye yonfason ki senp ak sentete devan seyè.Abiye menm jan avèk mond la avèk penti nan figi, lò,pèl, rad chè elatriye, pa an akò avèk lavi separe ap mennen pou Bondye"...okontrè,se sa ki nan ke nou ki tout bèlte nou,yonbèlte ki pap janm pase,se pou nou gen yon karaktè dou,yon karaktè poze .Se sa ki gen valè devan Bondye"(1 Pyè 3:1-6; 1Tim 2:8-10;Ezayi 3:16-24; 61:10).

Disiplin pèsonèl e disiplin kolektiv:Egzaminen tèt nou pou evalye lafwa nou e vi espirityèl nou se yon bagay ki bon pou sante nou (1 Kor 11:28).Genyen preokipasyon pou pwochen nou se yon bon bagay e nou kontinye fè sa.Nou se jeran frè nou yo.Lè nap bay konsèy nou bezwen fè sa yon espri damou avèk sajes e an akò avèk règ disiplin ke nou trouve nan pawòl Bondye a.(Mt 18:15-20).Yon espri de kritik ap detri vi espirityèl ni moun kap kritike a ni moun ke yap kritike a.(Mt 7:1-5; 2 Kor 2:1-11;Galat 5:14-15;Efezyen 4:30-32).Disiplin nan dwe itilize kò yon dènye remèd e toujou a travè de konsèy avèk priyè e pou bienèt final frè ou sè ki komèt erè a(1Kor 5:1-7; Gal 6:1-5).

Lafen...